

APAREY ESPOZISYON RADYOLOJI

Kisa yon Aparèy Espozisyon Radyoloji ye?

Materyo radyoaktif oswa yon bagay ki gen materyo radyoaktif ka espoze moun nan radyasyon san yo pa konnen. Bagay sa yo rele Aparèy Espozisyon Radyoloji (RED nan lang angle) oswa sous sele ak kache.

Yo ka kache RED nan kote piblik (tankou anba chèz sobwe, nan yon espas manje, oswa nan yon zòn chaje ak moun kap mache). Moun ki chita pre oswa ki pase pre RED la ka espoze nan radyasyon.



Kisa ki prensipal danje yon Aparèy Espozisyon Radyoloji?

Danje yon RED chita sou twa faktè: 1) kalte ak kantite materyo radyoaktif ki itilize a; 2) pandan konbyen tan yon moun rete pre aparèy la; epi 3) ki pati nan kò moun lan ki espoze nan radyasyon ki soti nan aparèy la.

Moun ki espoze nan gwo nivo radyasyon ka devlope sentòm Sendwòm Radyasyon Egi (ARS). Yo ka devlope tou boule radyasyon. Efè sou sante ka pran plizyè èdtan, jou oswa semèn pou yo parèt. Efè sa yo ka soti nan mwayen pou rive grav (egzanp kansè oswa lanmò). Kèk moun gen dwa pa sibi okenn efè sou sante yo.



Kisa mwen ta dwe fè pou pwoteje tèt mwen?

Rapòte yon RED ou sispèk bay lapolis san pèdi tan.
Rete lwen bagay ki sispèk toutan w kapab.



Si w idantifye yon RED e ou panse ou te espoze,
koute sa otorite ijans di w epi kontakte doktè w.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

<http://emergency.cdc.gov/radiation>